



Lafyèw sou Timoun

Kisa yon lafyèw ye?

Lafyèw se yon ogmantasyon nan tanperati kò a anwo tanperati nòmal li. Tanperati nòmal kò yon moun chanje pandan lajounen epi anjeneral li pi ba lematen ak pi wo nan fen apre midi. Yon tanperati nòmal depann tou kote ou pran li. Gade fèy enfòmasyon ki rele “**Fason pou Pran Tanperati Kò Pitit Ou**” pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pran tanperati kò pitit ou.

Kisa ki lakòz yon lafyèw?

Li enpòtan pou sonje lafyèw poukont li pa yon maladi, sof nan ka kout-chalè – sèlman yon sentòm nan youn. Lafyèw yo ede kò ou batay kont enfeksyon. Ou kapab konsidere li kòm yon bon siy ki montre sistèm defans kò ou ap travay epi l ap eseye elimine enfeksyon an. Yon lafyèw pa vle di ou bezwen pran yon antibyotik.

Èske yon lafyèw ap lakòz domaj?

Anjeneral, yon lafyèw pa danjere; men, si pitit ou gen mwens pase laj 3 mwa epi si li gen yon tanperati rektal ki depase 100.3 °F, ou ta dwe rele doktè tibebe ou touswit. Menm yon ti lafyèw kapab se yon siy yon maladi grav sou yon tibebe ki gen mwens pase laj 3 mwa. Avèk yon lafyèw ki fò, kèk timoun (anjeneral sa ki poko gen laj 5 kan) ka vin gen malkadi, men se yon bagay ki danjere raman.

Kijan pou mwen konnen si pitit mwen gen yon lafyèw?

Sèl fason ki sèten pou konnen si pitit ou gen yon lafyèw se lè ou itilize yon tèmomèt. Teste fwon yon timoun avèk men ou oswa avèk lèw ou pa bay rezilta ki egzat. Si pitit ou santi li cho, pran tanperati kò li avèk yon tèmomèt chak 4 a 6 èdtan pandan li reveye. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou pran yon tanperati, gade fèy enfòmasyon “**Fason pou Pran yon Tanperati**”.

Pitit ou gen yon lafyèw lè tanperati kò li depase:

- 100.4 °F ki mezire sou plan rektal (fès la)
- 99.6 °F ki mezire nan bouch
- 99.2 °F ki mezire nan pozisyon oksilyè (anba bra)
- 100.5 °F ki mezire nan zòrèy

Kijan mwen kapab ede pitit mwen santi li pi alèz?

Gen anpil bagay ou kapab fè pou ede pitit ou santi li pi byen epi pou bese lafyèw la enpe.

- Abiye pitit ou avèk rad li lejè ak lache. Pa ni kouvri ni vlope tibebe a sere.
- Si pitit ou ap repoze oswa si l ap dòmi, pa kouvri li avèk dra ki lou.
- Kenbe chanm pitit ou fre.
- Asire pitit ou bwè anpil likid. Gade fèy enfòmasyon “**Dezidratasyon**”.
- Asire pitit ou dòmi anpil epi rete kalm lè li reveye.
- Yon beny avèk eponj nan dlo tyèd ka fè pitit ou santi li pi alèz. Itilize dlo tyèd, pa dlo frèt. Pa benyen pitit ou avèk alkòl paske po kò li kapab absòbe alkòl la epi sa kapab lakòz pwoblèm.

(Kontinye)

Èske mwen kapab bay tibebe mwen medikaman pou bese yon lafyèw sou li?

Li enpòtan pou sonje se pa tout lafyèw ou bezwen trete. Pa janm bay yon timoun oswa yon tibebe aspirin. Li asosye avèk Sendwòm Reye, ki se yon maladi grav. Ou kapab bay timoun yo medikaman ki bese lafyèw tankou asetaminofèn (tankou Tylenol®) oswa ibipwofèn (such as Motrin® oswa Advil®) pou bese tanperati kò a, men yo pa trete kòz anba-anba lafyèw la.

- **Pale avèk pwofesyonèl swen sante tibebe ou anvan ou bay yon timoun ki poko gen laj twa (3) mwa nenpòt medikaman ki pou bese lafyèw.**
- **Ou pa ta dwe bay yon timoun ki poko gen laj 6 zan ibipwofèn.**
- **Rele pwofesyonèl swen sante tibebe ou touswit si pitit ou ki poko gen laj 3 mwa gen yon tanperati rektal ki depase 100.3°F menmsi li sanble nòmal.**
- **Rele pwofesyonèl swen sante tibebe ou si pitit ou ki poko gen laj 3 mwa gen yon lafyèw ki depase 102 °F, si li dire plis pase 3 jou, oswa si timoun nan ap aji yon fason diferan.**

Lè w ap bay pitit ou medikaman, sonje pou swiv enstriksyon ki sou etikèt la pou detèmine ki kantite medikaman pou bay pitit ou. Si pitit ou ap pran medikaman pou bese yon lafyèw li genyen, ou ta dwe pran tanperati kò li yon ti tan anvan ou dwe bay li pwochen dòz la. Dòz pou gout tibebe ka sanble piti; men, li enpòtan pou sonje li konsantre anpil. Poutèt sa, pa janm bay plis pase ki endike sou bwat la pou laj ak gwosè tibebe ou. Kontakte doktè pitit ou si ou pa byen konnen ki kantite medikaman pou bay tibebe ou oswa pitit ou. Pou nenpòt medikaman likid, pa itilize yon ti kiyè kay la pou bay medikaman an, men, itilize pito kiyè, tas oswa gout ki vini avèk medikaman an. Bay pitit ou dòz yo ankò, men pa reveye yon timoun k ap dòmi pou bay li medikaman an, sof si pwofesyonèl swen sante pitit ou mande ou pou fè sa.

Kilè pou rele doktè a?

Ou kapab trete pifò lafyèw yo fasil lakay ou. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou si ou gen kesyon sou kontwòl sentòm oswa lafyèw pitit ou. Ou ta dwe jwenn swen medikal imedyatman pou pitit ou si li:

- Pa kapab kenbe likid yo
- Gen pwoblèm pou respire, menm apre ou rale sekresyon yo nan nen li
- Vin ble
- Gen pwoblèm pou vale oswa si l ap bave
- Gen yon malkadi
- Kou rèd oswa doulè nan kou lè panche tèt li sou devan
- Maltèt grav
- Gratèl li pa abitye genyen
- Zye ki sansib nan limyè
- “Ap aji tankou li malad” menm apre lafyèw la bese
- Nenpòt enkyetid oswa lòt sentòm li pa abitye genyen

